**दिन– मंगलवार** **दिनांक–17.06.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————————

राज्य सरकार मधुबनी, वीरपुर, मुंगेर, वाल्मीकिनगर, मुजफ्फरपुर आओर सहरसा मे छोटका हवाई अड्डा सभक निर्माण कैँ मंजूरी देलक अछि। उड़ान योजनाक तहत एहि हवाई अड्डा सभ कैँ विकसित कएल जाएत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे आइ भेल कैबिनेटक बैसार मे एहि आशय के प्रस्ताव कऽ मंजूरी देल गेल। बैसार मे प्रदेश मे दलहन उत्पादन कैँ बढ़ावा देबाक लेल नव योजना कैँ सेहो मंजूरी प्रदान कयल गेल अछि। आब दलहन फसल सभक लेल न्यूनतम समर्थन मूल्य देल जाएत। एकरा संगहि शिक्षा क्षेत्र मे विकासक कतेको निर्णय लेल गेल अछि। माध्यमिक आओर उच्च माध्यमिक विद्यालय सभ मे नमहर पैमाना पर पुस्ताकालय अध्यक्षक नियुक्ति कएल जाएत। कैबिनेट विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ बतएलनि जे महिला सरकारी सेवक सभ कैँ हुनक पदस्थापनक स्थान कऽ समीप आवासक सुविधा उपलब्ध करेबाक लेल नव नीति कैँ सेहो मंजूरी प्रदान कएल गेल अछि। नव नीतिक तहत निजी मकान मालिक सभक संग समझौता कऽ महिला कर्मी सभ कैँ आवास उपलब्ध कराओल जाएत। एकर भुगतान राज्य सरकार करत। कैबिनेटक बैसार मे राज्य मे स्पोर्टस् इंजरी इकाईयक स्थापना, ग्राम पंचायत कार्यालय सभ मे आठ हजार सँ बेसी पद सभ पर बहाली समेत बीस टा एजेंडा सभ पर मोहर लागल अछि।

———————————————————————

राजदक वरिष्ठ नेता आओर विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव राज्य सरकार पर बेरोजगारी आ महंगाईयक समस्या के लऽकऽ अनदेखा करबाक आरोप लगौलनि अछि। पटना मे संवाददाता सभ सँ बातचीत करैत श्री यादव कहलनि अछि जे युवा सभ कैँ नहि तऽ रोजगार भेट रहल अछि आ नहिए हुनक शिक्षा एवं स्वास्थक चिंता कएल जा रहल अछि। ओ कहलनि अछि जे अगामी चुनाव मे राज्यक जनता एहि मुद्दा सभ पर सरकार कैँ जवाब देत।

———————————————————————

केन्द्र सरकार देशक अलग–अलग भाग सभ मे दू हजार ड्राइविंग प्रशिक्षण स्कूल खोलबाक निर्णय लेलक अछि। केन्द्रीय सड़क परिवहन आओर राजमार्ग मंत्री नितिन गडकरी नई दिल्ली मे एक टा कार्यक्रमक दरमियान ई घोषणा कएलनि अछि। श्री गडकरी कहलनि अछि जे ई प्रशिक्षण स्कूल देशक पिछड़ल आओर जनजातिय क्षेत्र सभ मे खोलल जायत आओर एहि सँ युवा सभक लेल रोजगारक अवसर उपलब्ध होयत।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बीस जून कँ सीवानक जसौली मे आयोजित कार्यक्रमक दरमियान राज्य मे सात हजार करोड़ टाका सँ बेसीक योजना सभक लोकार्पण आ शिलान्यास करताह। एहि दरमियान प्रधानमंत्री मढ़ौरा रेल–इंजन–फैक्ट्री मे बनल रेल इंजन कँ अफ्रीकी देश सभ मे निर्यात कँ हरा झंडा सेहो देखौता। संगहि गोरखपुर सँ पटनाक लेल वंदे भारत ट्रेनक लोकार्पण सेहो करताह।

———————————————————————————

दक्षिण–पश्चिम मॉनसून पूर्णियां आ किशनगंजक बाटे राज्यक पूर्वी भाग सभ मे प्रवेश कऽ गेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जानकारीक अनुसारें बांका, भागलपुर, कटिहार, पूर्णियां, किशनगंज, अररिया, मधेपुरा, सहरसा आओर सुपौल जिला सभ मे मॉनसूनक बरखाक सिलसिला शुरू भऽ गेल अछि। अगिला अड़तालीस घंटा मे एहि क्षेत्र सभ मे मॉनसूनक प्रभावें मध्यम सँ भारी बरखाक संभावना अछि। विभाग कहलक अछि जे छब्बीस जून तक पूरा राज्य मे मॉनसून सक्रिय भऽ जायत। मौसम विज्ञान केन्द्र पटनाक निदेश आशीष कुमार कहलनि अछि जे एहि बर्ख मॉनसूनक सक्रियता समान्य सँ बेसी रहत, जाहि कारणें राज्यक अधिकतर भाग सभ मे समान्य सँ करीब एगारह फिसदी बेसी बरखाक पूर्वानुमान अछि। एम्हर, मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटाक दरमियान भागलपुर, जमुई, बांका आओर नवादा जिला मे कतेको स्थान सभ पर भारी बरखाक चेतावनी जारी कएलक अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक विभिन्न भाग सभ मे हल्का सँ मध्यम बरखा दर्ज कएल गेल अछि।

———————————————————————————

एम्हर, नेपालक तराई क्षेत्र सभ मे बरखाक कारणें पश्चिम चंपारणक बगहा मे भपसा नदी मे अचानक आएल बाढि सँ नुकसान भेल अछि। लोक कँ अयबा–जयबा मे सेहो परेशानी

भऽ रहल अछि। ओतहि, कैमूर जिलाक विभिन्न भाग सभ मे बरखा सँ लोक सभ कँ गर्मी सँ राहत भेटल अछि।

———————————————————————————

एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक विभिन्न जिला सभ मे वज्रपातक अलग–अलग घटना सभमे चौदह टा लोकक मृत्यु भऽ गेल। बक्सर जिला मे सभ सँ बेसी चारि लोकक मृत्यु भेल। ओतहि, पश्चिमी चंपारण आओर कटिहार मे सेहो तीन–तीन टा लोक मारल गेलाह। काल्हि सांझ बिजली गिरबा सँ कैमूर, लखीसराय, सीतामढ़ी आओर भागलपुर जिला सभमे सेहो एक–एक टा व्यक्तिक मृत्यु भऽ गेल अछि। आपदा प्रबंधन विभाग लोक सभ सँ मॉनसून पूर्व बरखा के देखैत सतर्कता बरतबाक अपील कयलक अछि। एहि दरमियान बिजली गिरब आओर गरजक संग बिहारि अएबाक आशंका अछि।

———————————————————————————

पटना स्थित अनुग्रह नारायण महाविद्यालय, ए.एन. कॉलेजक स्थापना दिवस समारोह काल्हि मनायल जाएत। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां एहि अवसर पर बिहार विभूति डॉक्टर अनुग्रह नारायण सिन्हाक प्रतिमाक अनावरण करताह।

———————————————————————————

समाप्त भेल।